

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan tina ieu panalungtikan. Anapon hal anu diguar nya étakacindekan implikasi, jeung rékoméndasi.

#### 5.1 Kacindekan

Modél pangajaran AIR mangrupa singgetan tina *Auditory Intellectually Repetition*, Ieu modél pangajaran nyoko kana tilu kamampuh diri, nya éta *auditory* nu patali jeung kaparigelan nyarita sarta pangregep, *intellectualy* nu patali jeung kamampuh mikir, sarta *répétition* nu patali jeung latihan atawa neuleuman matéri ku soal atawa pancén. Sedengkeun guguritan nyaéta puisi nu digubah dumasar kana aturan pupuh nu miboga susunan tina unsur eusi, kaidah pupuh, basa jeung wangu karangan. Dina ieu panalungtikan ngeunaan modél AIR nu dilarapkeun dina pangajaran guguritan miboga tujuan nya éta pikeun: 1) mikanyaho kamampuh siswa saméméh dilaksanakeun modél AIR dina pangajaran nulis guguritan; 2) kamampuh siswa sabada dilaksanakeun modél AIR dina pangajaran nulis guguritan; sarta 3) bédana kamampuh siswa saméméh jeung sabada dilaksanakeun modél AIR dina pangajaran nulis guguritan. Ulikan tiori nu digunakeun nyaéta nya éta modél pangajaran, modél AIR, kaparigelan nulis, guguritan, pangajaran nulis guguritan di sakola, jeung modél AIR dina pangajaran nulis guguritan. Métode nu digunakeun nyaéta métode kuasi ékspérimén kalawan desain *One Group Pretest-Posttest Design* ku ténik tés salaku data primer, sarta angkét jeung wawancara salaku data sékundér, katut analisis dina ngolah data.

Kamampuh siswa saméméh dilaksanakeun modél AIR dina nulis guguritan kaasup kana katégori “kurang” nu némbongkeun siswa can bisa nyieun guguritan dina sapada nu antukna teu bisa nyumponan unsur-unsur guguritan nu jadi aspék peunteun. Anapon kamampuh siswa sabada dilaksanakeun modél AIR dina nulis guguritan dumasar kana lima interval katégorisasi paniléyan kaasup kana katégori “hadé” nu némbongkeun siswa geus bisa ngaréngsékeun guguritan dina sapada nu antukna bisa nyumponan unsur-unsur guguritan nu jadi aspék peunteun.

Bédana kamampuh siswa saméméh jeung sabada dilaksamesanakeun modél AIR katitén miboga bédha nu signifikan, hartina kamampuh siswa dina nulis guguritan aya karonjatan. Ayana karonjatan dina kamampuh siswa téh luyu jeung hasil angkét jeung wawancara nu nétélakeun yén siswa satuju modél AIR bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan.

Kacindekan sacara umum, modél AIR miboga pangaruh dina ngaronjatna kamampuh siswa waktu pangajaran guguritan. Ku kituna ieu modél AIR bisa digunakeun pikeun modél ajar dina lumangsungna kagiatan pangajaran di sakola, hususna pangajaran guguritan.

## 5.2 Implikasi

Modél AIR digunakeun pikeun modél ajar dina pangajaran guguritan. Dumasar kana hasil panalungtikan, ieu modél miboga implikasi yén modél AIR bisa ditarima ku siswa kalawan hadé sabab bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis guguritan. Digunakeunana modél AIR tangtu pikeun ngahudang sumanget diajar sangkan bisa aktip ngagunakeun kaparigelan nyarita jeung ngaregepkeun (*auditory*), kamampuh mikir (*intellectually*) jeung latihan soal pikeun neuleuman deui naon-naon nu geus diajarkeun (*repetition*).

## 5.3 Rékoméndasi

Tina hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi nu kudu diperhatikeun sangkan panalungtikan satuluyna miboga dampak nu leuwih hadé pikeun mekarkeun modél AIR dina pangajaran guguritan. Anapon rékoméndasi bisa dititénan di handap.

- 1) Dumasar hasil panalungtikan, modél AIR cocog digunakeun dina pangajaran guguritan hususuna pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan. Ku kituna, modél AIR bisa dijadikeun modél pangajaran alternatif nu digunakeun di sakola waktu lumangsungna kagiatan pangajaran guguritan.
- 2) Guru kudu miboga kaparigelan nyarita nu leuwih bisa ngirut kabéh siswa pikeun nuturkuén pangajaran. Sabab dina ieu modél pangajaran leuwih fokus

kana digunakeunana kaparigelan nyarita jeung ngaregepkeun nu dina léngkah *auditory* modél AIR.

Panalungtik kudu merhatikeun sarana prasarana nu aya di kelas, sabab, ieu modél ngabutuhkeun *speaker* nu ngarojong prosés *auditory*.